



Viv Nwèl se viv Nwèl

***Menm nan tan difisil
Menm nan epòk tèt chaje
Nwèl se yon jou rèv
Yon jou lespwa
Yon jou kè kontan.
Wi, se yon jou espesyal pou kè poze.
Se yon jou pou nou viv yon bèl kont Nwèl.
Yon kont Nwèl kote nou dwe bliye
Tout soufrans, tout mizè,
Tout deblozay, tout batay.***

***Wi Nwèl se yon jou mèvèy
Nwèl Betleyèm
Yon jou mirak pou tout moun bon volonte
Pou yo aprann renmen
Nwèl, yon jou mirak pou nou tabli lapè
Ak pwochen nou, ak pwòp tèt nou, ak lanati beni.
Nwèl, yon jou mirak pou nou tout konvèti
Nwèl, yon jou bèl mizik, bèl limyè, bèl koulè,
Bon lodè, bèl kado.
Men se sitou
Yon jou bèl pawòl,
Yon jou bèl pawòl youn ak lòt
Pawòl bon kè
Pawòl siwomyèl.***

***Nwèl se yon jou espesyal kote zetwal Betleyèm nan
Ap montre nou wout aprann asepte lèzòt
Wout aprann tolerans
Wout viv annamoni, wi se sa Nwèl, yon bèl wout
Yon wout pou nou ta suiv pandan 12 mwa
366 jou nan ane 2012 la.***

***Menm nan tan difisil
Menm nan epòk tèt chaje
Annou viv Nwèl la.
Viv Nwèl nan tèt nou
Viv Nwèl nan kè nou
Viv Nwèl, viv Nwèl lespwa!
Toutjan, vle pa vle, Nwèl se lespwa.
Nwèl dwe pote lespwa.***

